дают сведения об этнопедагогических взглядах. В статье рассматриваются вопросы образования и воспитания в семье на примере анализа каракалпакского народного эпоса «Шарияр».

**SUMMARY**

National values play a great role in the education of well-developed, freely-thinking personality, in the spiritual and physical development of young generation. Folk eposes are very important in teaching the youth the best human qualities. Every word, event, heroes' images in eposes reflect the content of education and upbringing and they also give information about ethnopedagogical point' of view. The article deals with the issues of education and upbringing in a family on the example of the analysis of the Karakalpak folk epos «Shariyar».

## «ШАРИЯР» ДӘСТАНЫНДА МИЙНЕТ ТӘРБИЯСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Е.К.Алламбергенов –** *еркин изленийши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ёшларни мустақил турмушга тайёрлаш, меҳнатсеварлик, меҳнат тарбияси, меҳнатсеварлик фазийлатлари, халқ меҳнат тарбияси, меҳнаткаш образи, меҳнат тарбияси ва одоб-охлоқ, боғ яратишга интилиш, меҳнат ва экологик тарбия.

**Ключевые слова:** подготовка молодёжи к самостоятельной жизни, трудолюбие, трудовое воспитание, качество трудолюбия, народный взгляд к трудовому воспитанию, образ трудового человека, трудовое воспитание и воспитанность, интерес к созданию сада, труд и экологическое воспитание.

**Key words:** training youth to self-living conditions industriosity, labour upbringing, the quality of industriosity, folk view to labour upbringing, image of industrious person, labour upbringing and well brought up, interest for growing a garden, labour and ecological upbringing.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Руўхый-ағартыўшылық жумысларының нәтийжелилигин арттырыўдың қосымша илажлары ҳаққында" 2019- жыл 3 майдағы ПК-4307-санлы карарының [1] орынланыўын тәмийинлеў, сондай-ақ, жасларды өзбетинше турмысқа дүньяға көзқарасы кең, актив пухаралар етип тәрбиялаў мақсетинде 2019-жылдың 31-декабрь күни Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң №1059 санлы арнаўлы карары менен «Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы» қабылланды.

Усынылып атырған концепция мазмунында улыўма орта билимлендириў стандарты ҳәм оқыў бағдарламалары оқыўшылардың жас өзгешеликлерине сәйкес түрде таяныш руўхый-әдеп-икрамлылық пазыйлетлерден мийнетсүйиўшилик пазыйлетлерин де қәлиплестириў зәрүрлиги көрсетиледи [2].

Ҳақыйқатында да, мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери ҳәр бир адамның өз шаңарағында, жасаў орнында, аўылында, жумысында жәмийетлик тапсырмаларды шын кеўилден орынлаўы нәтийжесинде әмелге асырылады. Анығырақ етип айтқанда, Ана-Ўатанымыздың гүллеп жаснаўы ушын исленген хызметлер арқалы мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери қәлиплесип барады. Сонлықтан болса керек, өзбек тилинде жәрияланган "Педагогика фанидан изоҳли луғат"та "Меҳнатсеварлик киши камолотининг асосий омилларидан бири ҳисобланади. У муҳтожликдан, аҳлоқий бузилишдан сақлайди. Меҳнат – умр сайқали, ҳаёт безаги. Меҳнатсеварлик туфайли обру-эътибор ортади, кишидан яхши ном қолади, инсоннинг ҳаёти сермазмун, сержило, баракали бўлади" [3:314-315] деп көрсетиледи.

Мийнетсүйиўшиликке бала кишкенелигинен баслап үйретиледи. Шаңарақта мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери ҳаққында балаға ертеклер айтылып, дәстанлар оқып бериледи. Бала ертек ҳәм дәстан мазмунындағы мийнетке, мийнетсүйгиш адамлардың образлары менен танысыў арқалы өзинде мийнетсүйиўшиликке болған қызығыўшылықтың бүртиклерин оятыў мүмкиншилигине ийе болады.

Қарақалпақ халқы әзелден балаларды кишкенелигинен баслап мийнетсүйиўшиликке үйретиўди алып барылатуғын тәрбия жумысларының тийкарғы ўазыйпаларынан бири деп есаплаған. Әсиресе, өсип баратырған жас әўладқа әдеп-икрамлылық тәрбиясы мийнет тәрбиялары менен қосып алып барылғанда, оның нәтийжели болатуғынлығына өз исенимлерин пайда еткен.

Дәстанларды дөретиўши халық екенлиги ҳәммеге мәлим. Мине, усы халық барқулла ана-тәбиятқа болған адамлардың ең жақсы қатнас сыпатларын, өзинен соңғы әўладлардың минез-қулқында қәлиплестириў ушын нәсиятлап келген. Әсиресе, халық дәстанларында «Жақсыдан бағ қалады» деген рәўиятқа үзликсиз түрде әмел қылынып, жаслардың кишкенелигинен баслап бағ жаратыў ислерине актив қатнасыўына имканиятлар жаратылған. Усындай халық дәстанларының бири, «Шарияр» дәстаны болып есапланады.

Кишкенелигинде душпанлардың көре алмаўшылығының себебинен ата-анасынан айрылған Шарияр менен Әнжим өзлерин ул ҳәм қызы етип қабыл еткен Сасуўардың қолында тәрбия алады. Мектепте оқып илимдан болады. Деген менен, екеўи де өзлериниң мийнеткешлиги менен көзге түседи. Ҳүрметли Президентимиздиң «бес баслама» дегени сыяқлы, Шарияр да баслама көтериў ҳәм оны орынлаўға болған ықлас күннен-күнге раўажланып барады.

Дәстан мазмунында көрсетилиўи бойынша Шарияр он төрт өжире байлықтың мийрасхоры болыўына қарамастан, ең дәслеп өзиниң қанаатшыллығы менен көзге түседи. Шариярдың қанаатшыллығы атасының «Он төрт өжирениң гилтин, қулпын алсын» [4:63-64] дегенинде өз сәўлелениўин табады. Шарияр өз атасына он төрт өжире емес, өзине «жети өжирениң гилти, қулпы» [4:65] болса жеткиликли екенлигин билдиреди.

Әдеп-икрамлылық жақтан ҳәр тәреплеме тәлим-тәрбия алған адам болғанлығы себепли Шарияр жети өжирениң дүньясына мәсирип кетпейди. Ол усы дүнья-мал мениң ойнап күлиўиме жетеди деген ой пикирден аўлақ болады. «Қарақалшы қумарпаз»ларға қосылмайды. Керисинше, өзи баслама көтерип, өз алдына «бағ жаратаман» деген үлкен бир мақсет қойып, жети өжире ғәзийнени халықтың ийгилиги ҳәм келешеги ушын жумсағанды мақул көреди. Усы мақсетти иске асырыў ушын Шарияр Сарыдәрья деген жерге барады. Хызметкер менен күнликши шақырады. Адамлар бес теңге берсе ол он бес теңге, адамлар он бес теңге берсе ол жигирма бес теңге береди. Хызметкерлердиң көплигинен Шарияр елатына жап қаздырып, суў келтиреди.

Шарияр белли дийқанға айланады. Бағ жаратыў ушын қайсы нәлдиң жанына қайсы мийўа ағашының нәлин егиў кереклигин үйренеди. Отырғызылған мийўе нәллериниң аралығына, бир-бириниң өсип раўажланыўына кесент етпейтуғын тәреплерине итибар қаратады. Қарықты қаздырған ўақытларында оның енине, тереңлигине ҳәм дүзиўлигине кеўил аўдарады. Тереклерди, мийўе ағашларын тиктирген ўақытларында квадрат усылында ектиргенди мақул көреди. Бағындағы мийўе нәллериниң көгерип шыққанына қанаатланып қалмайды. Ол гүзли-бәҳәр ўақытларында мийўе бермейтуғын ҳарам шақаларын хызметкерлерге қырқтырып турыўды да есинен шығармайды. Соның менен бирге жаңадан-жана нәллерди тиктирип бағды көгерте бергенди өзине ылайық көреди [4:65].

Дәстанда көрсетилиўинше, Шарияр «Бул бағдың

сыртынан қырық гез дийўал жүргизди. Енди Сарыдәрьядан келген жаптың аяғын ишине қаратты. Әне, қаладан кирген жерине мунның аўзына атанақлы бир тоғыртқаны қурдырды, шәрдәре салдырды. Бағды ҳәм көгертти. Әнжир алмасы писти, торсылдап жерге түсти. Қумырылар дем шекип, тотылар сөз айтып, бүлбиллер сайрап, пәттеклер нала шекип, 7 жылда Шәриярдың бағы кәмалға келди» [4:65].

Шариярдың бағ жаратыўға болған қумарлығы, ықласы, ҳәўеси өзиниң жаратқан бағының басқалардан зыяда болғанлығын қәлеўге умтылдырды. Нәтийжеде, Шариярдағы мийнетсүйийўшилик сыпатлары қәлиплеседи. Себеби, Шариярдағы мийнетсүйийўшилик «…мийнет түрине қарамастан оны сүйип, оған садық болған, оны уқыплылық пенен орынлаўшы адамның пазыйлети. Бундай адамларда мийнетсүйийўшилик турмыс тәризине айланып кеткен, яғный, руўхыятында сәўлеленген болады. Ол мийнетти түрлерге ажыратпай, ҳәр қандай зәрүр исти қунт пенен орынлаўға кириседи» [5:116-117].

Демек, қағыйдаға муўапық бағ жаратаман, деп баслама көтерген адам жақсы деп танылған бағманлардан ақыл-кеңеслер сорайды, тәжирийбе арттырыў ушын басқа да жаратылған бағларды аралап көреди, өзиникинен зыяда болғанларынан өрнек алыўға умтылады. Шарияр дәстанында да бағты тек ғана Шарияр жаратып қоймайды. Бағ жаратыўға қумар болған Қандарша пәрийде өзиниң әжайып бағын жаратады. Бирақ, Шариярдың бағының ҳаўазасын еситип, өзиниң бағы менен салыстырып көргенди мақул көреди.

Дәстанда баслаўыш класс оқыўшыларының психологиясына сәйкес ерси қылықлар да өз сәўлелениўин табады. Ертеректе жәрияланған педагогика пәни бойынша мәселелер жыйнағында биринши класс оқыўшыларының бес-бестен бөлинип, айнаның алдына гүзеге гүл отырғызып жарысатуғынлығы айтылады. Бирақ, бир күнлери муғаллим ҳәмме гүллердиң солып қалғанын, тек ғана бир гүлдиң шырайлы болып өсип турғанын көреди. Себебин анықлап көрсе, Г. исмли бир оқыўшы қыздың өз отрядының гүлиниң басқалардикинен зыяда болғанлығын соншелли дәрежеде ҳәўес еткенлиги, нәтийжеде басқа гүллердиң тамырларын алмас пенен билдирмей қырқып шыққанлығы мәлим болады. Тап усы мәселе сыяқлы, дәстандағы мама кемпир Шариярдың бағының әжайыплығын көрип, бир жағынан, оған ҳәўес пенен қараса, екинши жағынан, онда қызғаныш сезими де оянады. Нәтийжеде, мама қолына бир сырықты алады, жеген түйнеклерин жейди, жемеген мийўелерин сырық пенен қағып, Шариярдың бағын ўайранлаўға кирисип кетеди.

Шарияр болса ҳәр күни өзиниң бағын аралап көрип, оның кемис-кутықларын толықтырыў ушын хызметкерлерине тийислисинше тапсырмалар берип барыўды күнделикли әдетине айналдырған инсан. Сонлықтан да ол бағды күндеги әдети бойынша аралап жүргенинде, бағдың айырым жерлериниң бүлингенин көрип қапа болады. Оның айыпкерин излеўге кириседи ҳәм бағды бүлдириўши мама кемпирди таўып алады. Мама кемпирден жол болсын сорағанында, мама кемпир өзин Қандарша пәрийдиң жибергенлигин айта келип, өз сөзинде: «Мама, буннан бар деди, Шариярдың бағына барып, мама, көр деди, әгар, бағы мениң бағымнан артық болса, бағым менен тийемен» [4:69] деген сәлемнамасын ядынан тоқып жеткериўге ериседи.

Бағ жаратыўға болған қызығыўшылығының нәтийжесинде Шарияр да Қандарша пәрийдиң бағының қандай екенлигин, өның бағының өзиники менен салыстырғанда қандай артықмашлықларға ийе екенлигин билиўге болған қызығыўшылық сезими оянады. Сонлықтан да ол мама кемпирди алақанына миндирип, өзиниң бағын аралатып көрсеткенди мақул көреди. Мама кемпирде бағды аралап көрип болып: «Балам, сениң бағың ҳәм бир тәўир бағ екен. Сондай ҳәм болса бизиң қызымыздың бағы жанында түйе шеңгел ҳәреми шелли жоқ екен» [4: 69] деп Шариярдың бағын көриўге болған қызығыўшылығын бурынғыдан да бетер арттырыўға ериседи. Нәтийжеде, Шарияр Қандарша пәрийдиң бағын көриўге биротала бел байлайды…

Дәстандағы бул көринислер, суўретлеўлер ертек сыяқлы болып көриниўи мүмкин. Деген менен, дәстанда сәўлеленген мийнет сүйийўшилик пазыйлетлери, баслама көтериўшилик, алдына мақсет қоя билиўшилик, «бағ жаратыў» ҳәм «бағ жаратқан адамлардың мийнетиниң нәтийжесин көриўге болған қумарлық» сезимлери ҳәзирги ўақытларда да жасларды мийнет сүйиўшиликке тәрбиялаў ислеринде өзиниң сөзсиз унамлы тәсирин тийгизиўге мүмкиншиликлер жаратып береди.

**Әдебиятлар**


1. Өзбекстап Республикасы Президентиниң "Руўхый-ағартыўшылық жумысларының нәтийжелилигин арттырыўдың қосымша иләжлары ҳаққында" 2019-жыл 3-майдағы ПК-4307-санлы карары.
2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жылдың 31-декабрьдеги №1059 санлы арнаўлы карары менен қабылланған "Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы."
3. Хасанбоев Ж., Тўрақулов Х., Ҳайдаров М., Хасанбоева О., Усманов Н. Педагогика фанидан изоҳли луғат. -Т.: "Fan va texnologiya", 2009, -672 бет.
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. ХШ том. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984.-236 бет.
5. Зиёмухамедов Б. Комилликка элтувчи китоб. Т.: «Турон иқбол», 2006.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқ достони «Шарияр»даги бош қаҳрамон Шариярнинг боғ яратиши мисолида таълим-тарбиянинг муҳим соҳаси – меҳнат тарбияси масалалари кенг ёритилган. Шу асосда халқдаги «инсон меҳнати билан, айниқса, халқ фаровонлиги учун қилинган меҳнати билан мукаррамдир», деган фикр ифодаланган. Достондаги Шариярнинг Меҳнатсеварлиги воситасида инсон гўзаллиги унинг меҳнати, мақсади, орзу-истаклари, эзгу фазилатлари билан юзага чиқиши мумкинлиги ўз ифодасини топган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье широко анализируются вопросы воспитания к труду, который является одним из основных видов образовательно-воспитательного процесса на примере создания сада Шарияром, главным героем каракалпакского народного эпоса "Шарияр". Таким образом, доказываются народные понятия, образовательно-воспитательные взгляды о том, что человек красен трудом, не просто трудом, а трудом во благо народа. На примере такого качества как трудолюбие в образе Шарияра, делается вывод о том, что красота человеческого труда тесно связана с его целью, мечтами, положительными сторонами его духовно-нравственных качеств.

**SUMMARY**

The article deals with thorough analysis of the problems on upbringing for labour, which is considered to be one of the main types of the educational-upbringing process on the example of creating a fruit garden by Shariyar, the main character of the Karakalpak folk epos "Shariyar". Thus there is confirmed folk notions, educational-upbringing views on the fact that human is perfect by his labour, not only by ordinary labour, but by labour which is fullfilled for the sake of wellfare of the people. On the example of an industriousity of the image of Shariyar it is made a conclusion, that the perfectness of a human labour is closely connected with his aim,, dreams and positive properties of his spiritual moral qualities.